

Jawab Pananya di héndép ku cara milih a, b, c, atawa d anu pangbenerna!

1. Rumpaka lagu "Manuk Dadali" jeung "Tokécang" eusina sarua ngeunaan....
 - a. Lemah cai
 - b. Indung bapak
 - c. Sato
 - d. Kaéndahan alam
2. Manuk Dadali diartikeun salaku....
 - a. Manuk garuda
 - b. Manuk merpati
 - c. Manuk piit
 - d. Hayam
3. "Toké ngadahar kacang" mangrupa akronim ti lagu....
 - a. Mojang priangan
 - b. Tokécang
 - c. Pileuleuyan
 - d. Laut kidul
4. Puisi anu sok dilagukeun, boh dilagukeun boh ditembangkeun disebut....
 - a. Rumpaka kawih sunda
 - b. Kawih
 - c. Sisindiran
 - d. Sajak
5. Kecap rajékan trilingga nyaéta.....
 - a. Kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna sagemblengna
 - b. Kecap anu siwangun ku cara nyebut tilu kali wangun dasarna
 - c. Kecap semu
 - d. Kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali engang mimiti wangun dasarna

Jieun garis ka jawaban anu pang benerna!

Soal	Jawaban
1. Kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasar sagemblengna disebut	a. Dwimadya
2. "Awéwé sunda kudu ngajaga kageulisanana henteu diluar tapi ogé ti jero" mangrupa makna ti lagu.....	b. Laut kidul
3. Kecap rajékan Dwilingga aya dua rupa nyaéta.....	c. Dwilingga
4. Lagu mitos ti Jawa, nyaéta....	d. Mojang priangan
5. Buk-bék nyaéta conto kecap rajékan.....	e. Dwiréka
6. conto kecap rajékan dwipurwa nyaéta.....	f. Dwimurni dan dwiréka
7. Conto kecap rajékan dwimadya nyaéta.....	g. bubuntut
8. kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali engang di tengah-tengah wangun dasarna disebut....	h. sapopoé
9. Wangun sisindiran kapanggih dina rumpaka kawih Sunda kuari, saperti anu aya dina lagu	i. Es Lilin

Lengkepan deui kalimah di héndép ku kecap anu merenah tina kecap anu aya dina jero kurung!

1. Ari manéh rék naon _____ Didinya! (Kuriling)
2. Jaman kuarimah _____ Kalakuana teu bener! (Jalma)
3. Si Agung mah eweuh gawéan _____ Saré bae. (Sapoé)
4. Cicing atuh, ulah _____ bae, sempit! (Gilek)
5. Ayeuna _____ waktuna wangsul. (Bérés)
6. Lain dijawab malah _____ bae. (Hah)
7. Mantakan ari balik sakola éta ulah sok _____ ka mana baé geh. (Léos)

Jieun kalimah anu merenah tina kecap rajékan di héndep ieu!

1. Totonjok:
2. Kararasép:
3. Buad baeud:
4. Plak-plik-pluk:
5. Imah-imah:

Jawab pananya ieu di héndép!

1. Naeun anu disebut rumpaka kawih sunda buhun?

2. Naeun anu dimaksud musikalisasi puisi?

3. Naeun anu dimaksud kecap rajékan dwimadya?

4. Jéntrékeun makna lagu "Laut Kidul"!